



## Ou konnen kò ou pi byen.

Si ou santi yon bagay ki sanble anòmal  
oswa ki enkyete ou, pa inyore li.

**HEAR**  
KOUTE ENKYETID LI YO

## Aprann siy avètisman ijan yo ak fason pou pale avèk founisè swen sante ou.

Si ou asent oswa ou te akouche nan ane pase, li enpòtan pou ou pale avèk founisè swen sante ou sou nenpòt bagay ou santi ki pa mache byen.

Si ou santi nenpòt nan siy avètisman sa yo, al chèche swen medikal touswit:

- Maltèt grav ki pa vle pase oswa ki vin pi mal ofiramezi
- Vètij oswa endispozisyon
- Panse pou fè tèt ou mal oswa tibebe ou an
- Chanjman nan vizyon ou
- Lafyè 100.4° F oswa pi wo
- Anflamasyon estrèm nan men ou oswa nan figi ou
- Pwoblèm pou respire
- Doulè nan pwatrin oswa batman kè rapid
- Kèplen grav ak vomisman (*pa tankou kèplen gwosès lematen*)
- Doulè grav nan vant ki pa vle pase
- Mouvman tibebe a k ap sispann oswa k ap ralanti pandan gwosès la
- Senyen nan vajen oswa likid k ap koule pandan gwosès la
- Gwo senyen nan vajen oswa likid k ap koule ki gen move sant apre gwosès la
- Anflamasyon, woujè oswa doulè nan janm ou
- Fatig akablan

Aprann plis sou Kanpay Koute Li CDC a nan [www.cdc.gov/HearHer](http://www.cdc.gov/HearHer).

## Sèvi Ak Gid Sa A pou Ede Kòmanse Konvèsasyon an:

- Mèsi poutèt ou wè m. Mwen ansent/mwen te ansent dènyèman. Dat dènye peryòd/akouchman mwen te \_\_\_\_\_ epi mwen gen enkyetid grav pou sante m ke m ta renmen pale sou yo avèk ou.
- Mwen te gen \_\_\_\_\_ (sentòm) ki sanble tankou \_\_\_\_\_ (dekri an detay) epi ki te dire \_\_\_\_\_ (kantite èdtan/jou).
- Mwen konnen kò m, epi sa pa sanble nòmal.

## Egzanp kesyon pou poze:

- Kisa sentòm sa yo ta ka siyifi?
- Èske gen yon tès mwen ka fè pou ekate yon pwoblèm grav?
- Nan ki moman m ta dwe konsidere ale nan sèvis dijans oswa rele 911?

**Nòt:**

## Konsèy:

- Pote gid kòmansman konvèsasyon sa a ak nenpòt kesyon anplis ou vle poze founisè swen ou.
- Asire ou di I ou ansent oswa ou te ansent sa gen mwens ke yon ane.
- Di doktè a oswa enfimye/enfimyè a ki medikaman w ap pran aktyèlman oswa ou te pran dènyèman.
- Pran nòt epi poze plis kesyon sou nenpòt bagay ou pa te konprann.